



Pou Piblikasyon Imedya: 16/11/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ REKONSTRIKSYON SIFAS OTOWOUT KI KOUTE 32.5 MILYON DOLA NAN NORTH COUNTRY

Pwojè rekonstriksyon sifas ki koute 18.5 milyon dola sou Route 28 nan Konte Hamilton soti nan Eagle Bay rive nan Blue Mountain Lake ki amelyore sekirite ak sipò touris

Gen lòt pwojè ki totalize 14 milyon dola pou rekonstriksyon sifas ki evalye a 276.8 kilomèt vwa nan Konte Saint Lawrence, Franklin ak Konte Clinton

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèvmann pwojè rekonstriksyon sifas otowout ki koute 32.5 milyon dola toupatou nan North Country. Kòm yon pati nan pwojè ke Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) dirije yo, yo te rekonstwi sifas yon twonson 40.8 km nan State Route 28 soti nan Eagle Bay rive Blue Mountain Lake nan Konte Hamilton. Seksyon sa a nan Route 28 se yon pati nan Wout Panoramik nan Santye Adirondack Santral la epi swiv chemen Fulton Chain of Lakes la, ki konekte anpil destinasyon ki pi popilè nan zòn nan pou lwazi ak touris.

Anplis de sa, gras a yon investisman 14 milyon dola, yo deja retabli yon pave 276.8 kilomèt vwa sou 20 otowout nan eta nan Konte St Lawrence, Franklin ak Clinton. Pwojè yo amelyore kondisyon pou kondwi ak amelyore sekirite otou konektè kle yo pou vwayajè North Country yo, sa k'ap asire ke sikilasyon moun ak komès ap byen fèt nan tout rejyon an.

"Mentni enfrastrikti solid ak enfrastrikti ki san danje se kle pou estimile kwasans ekonomik, e se pou sa New York ap travay anpil pou investi nan sistèm transpò yo atravè eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "North Country a rete kòm youn nan pi gwo destinasyon touris New York epi wout amelyore sa yo pral fè li pi fasil pou alafwa rezidan yo ak vizitè yo fè eksperyans bote natirèl rejyon an ak kontanple opòtinite lwazi enteresan yo."

Pwojè Route 28:

Pwojè 18.5 milyon dola sou Route 28 la te enkli karakteristik drenaj ki fèk fèt ki pèmèt yo fouye ak gradye rigòl ki sou bò wout yo egziste deja sa k'ap, amelyore sekirite pou otomobilis yo ak fasilite ekoulman dlo tanpèt. Yo te itilize tou pave natif Adirondack pou pifò lye drenaj yo olye ke yo te itilize wòch gri tipik, sa k'ap amelyore aparans estetik wout la. Yo te enstale tou nouvo siyalizasyon, ray gidaj ak pasaj motonèj amelyore nan kèk kote.

Konfòmeman ak inisyativ "Drivers First" (Chofè yo an Premye) Gouvènè Cuomo a, ki priyorize komodite chofè yo pou minimize anbouteyaj sikilasyon ak reta vwayaj yo akòz travay k'ap fèt sou pon ak wout yo, yo te sispann travay yo nan wikenn pou minimize enpak piblik k'ap vwayaje a.

Pwojè pavaj nan Konte St Lawrence, Franklin ak Clinton:

Pavaj nan Konte St Lawrence te fèt nan kote sa yo:

- 25.7 km vwa nan State Route 68 ant Vilaj Canton ak seksyon riral Pierrepont nan vil Pierrpont lan.
- 40.23 km vwa nan State Route 58 apati Braisie Corners nan Vil Macomb rive nan entèseksyon State Route 58 ak 12 yo nan Vil Morristown.
- 25.74 km vwa nan State Route 37C ant Vilaj Massena nan Vil Massena ak nan seksyon riral Helena nan Vil Brasner.
- 17.70 km vwa nan State Route 68 ant Woodbridge Corners ak Vilaj Canton ak Vil Canton.
- 12.87 km vwa nan State Route 56 ant seksyon riral Norfolk ak Raymondville nan Vil Norfolk.
- 11.26 km vwa nan State Route 458 ant seksyon riral Nicholville ak Liy Konte Franklin an nan Vil Hopkinton.
- 6.43 km vwa nan State Route 56 ant seksyon riral Norwood ak Norfolk nan Vil Norfolk.
- 4.82 kilomèt vwa nan State Route 310 ant entèseksyon State Route 310 ak US 11 ak State Route 310 ak Finnegan Road nan Vil Canton.
- 3.21 km vwa nan State Route 11 ant Liy Vilaj Canton ak entèseksyon US State Route 11 ak State Route 68 nan Vil Canton.

Pavaj nan Konte Franklin te fèt nan kote sa yo:

- 25.7 km vwa nan State Route 3 ant liy Konte Essex ak seksyon riral Vermontville nan Vil Franklin.
- 8 km vwa nan State Route 3 apati liy vilaj la nan Tupper Lake rive nan entèseksyon State Route 3 ak Pleasant Street nan Vil Tupper Lake.
- 9.65 km vwa nan US State Route 11 ant Vilaj Chateaugay ak Liy Konte Clinton lan nan Vil Chateaugay.
- 9.65 km vwa nan State Route 30 ant liy vil Malone ak Lake Titus nan Vil Malone.
- 3.21 km vwa nan State Route 37 ant Vilaj Malone ak entèseksyon State Route 37 ak US Route 11 nan Vil Malone.
- 12.87 km vwa nan State Route 95 ant liy Vil Bombay ak seksyon riral Bombay nan Vil Bombay.

Pavaj nan Konte Clinton te fèt nan kote sa yo:

- 11.26 km vwa nan State Route 9B ant King's Bay Road ak Vilaj Rouses Point nan Vil Champlain.
- 12.87 km nan US 11 apati seksyon riral Churubusco nan Vil Clinton rive nan Ellenburg Corners nan Vil Ellenburg.
- 9.65 km vwa nan State Route 22B ant entèseksyon State Route 22B ak Staley Road ak pon sou Saranac River a nan seksyon riral Morrisonville nan Vil Schuyler Falls.
- 8 km vwa nan State Route 190 ant Plank Road ak Ellenburg Corners nan Vil Ellenburg.
- 17.70 km vwa nan State Route 3 ant seksyon riral Clayburgh ak Moffittsville nan Vil Saranac.

Travay la baze sou [dènnye achèvmman](#) pwojè pavaj miltip yo sou kèk pòsyon nan sèt otowout eta nan Konte Jefferson ak fasilite plis aksè ak anpil destinasyon lwazi yo nan North Country, sa k'ap kreye plis opòtinite pou touris ak aktivite ekonomik k'ap ogmante.

Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Yon rezo transpò san danje, fyab ak rezilyan enpòtan anpil pou byennèt ak sante ekonomik kominote nou yo. Amelyorasyon pavaj sa yo demontre angajman Gouvènè Cuomo pou fè investisman ki nesèsè pou kenbe kominote nou yo konekte, pandan y'ap asire wout New York yo rete san danje epi aksesib".

William G. Farber, Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Hamilton, te deklare, "Amelyorasyon nan seksyon 40.23 km sa nan Santye Adirondack Santral (NYS Route 28) se yon lòt demonstrasyon angajman Gouvènè Cuomo pou aktivite Touris ak biznis nan Adirondacks. Mwen deja travay avèk Gouvènè a ak anpil nan Ajans Eta li yo nan dènnye deseni an pou fè bèl bagay pou amelyore enfrastrikti nou yo, soti nan Santye rive nan Teknoloji, e sètènman nan ka sa a mwen remèsye sensèman Gouvènè a ansanm ak DOT!"

Pou jwenn enfòmasyon sou vwayaj yo an tan reyèl, otomobilis yo ta dwe verifye sous enfòmasyon sou vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta New York la, 511NY, anvan yo vwayaje. Rele 5-1-1, vizite <http://www.511ny.org/> oswa telechaje aplikasyon mobil 511NY gratis lan sou iTunes oswa Google Play. Sèvis gratis la ap pèmèt itilizatè yo verifye kondisyon wout yo, gade kamera sikilasyon yo ak lyen pou jwenn enfòmasyon sou transpò ayeryen ak sou transpò komen yo. Kounye a aplikasyon an ofri yon mòd Kondwi (Drive), ki sonnen pou avèti moun k ap kondwi sou yon wout yo si gen aksidan osinon konstriksyon.

Otomobilis yo ankouraje anpil pou ralanti ak kondwi ak responsabilite nan zòn travay yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Swiv DOT Eta New York la sou Twitter: [@NYSDOT](#). Jwenn nou sou Facebook nan [facebook.com/NYSDOT](https://www.facebook.com/NYSDOT).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)